
Keñesbay Elmuratov
MEN MORYAK
BOLAMAN

Книга должна быть
возвращена не позже
указанного здесь срока

Количество предыдущих
выдач

| | |
|---|---|
| | |

ИЖ. Зак. Б-192—20 млн.—84 г

236699 – 1398
Elmi rahat
очрак в олео,
500 с

K-8.4(-5кар)
МЛ К54

KEN'ESBAY ELMURATOV



# MEN MORYAK BOLAMAN

*Povest*

NO'KIS
«QARAQALPAQSTAN»
2001

83.3(2Қар)
К 54

K. ELMURATOV. **Men moryak bolaman** (povest). No'kis «Qaraqalpaqstan» 2001-jıl, 24 bet.



Avtor Ken'esbay Elmuratov o'zinin' «Men moryak bolaman» dep atalg'an povestinde balalıqtın' a'rmanlar jetegindegi qızıg'ıwshılıg'ın, sharıqlag'an qıyallarının' sheksizligin ko'rkem so'z benen tartımlı etip jetkerip bergen.

Povestte balalıqtag'ı qıyal qusının' ba'lentlerge pa'rwaz a'ylewine o'mir jolında o'zi su'ygen ka'sibinen kamal tabıwg'a erisedi.

1398
RESURS
ORAYI

## MAZMUNI

1. Ata, yungalar ne isleydi .......... 3
2. Sabaq .......... 5
3. Da'ryadan ten'izge .......... 9
4. On bes ku'nnen bir imtixan .......... 11
5. Maylanbag'an jılım .......... 13
6. Uyqısız aqsham .......... 19
7. Ten'iz benen ushırasıw .......... 21

236694
RESPUBLİKALIQ BALALAR KİTAPXANASI

ISBN 5-8272-0229-0

К 4702270101-047 / М-357(04)-2001 Б-2001

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2001

## ATA, YUNGALAR NE İSLEYDİ?

Daladan juwırıp kelgen Allayar ma'sisin jamap otırg'an atasının' moynına asıldı.

—Ata, ata men moryak bolaman.

—Qarag'ım-aw, Aralın'nın' suwı tartılıp atırg'anda qalay ten'izshi bolasan'?

G'arrı awır gu'rsinip, o'rkesh-o'rkesh qayır tewip qalg'an qumlıqqa qaradı.

—Burınları Araldın' tolqınları qamıs qostın' ernegine urıp turatug'ın edi. Al, ha'zir ten'iz 100 shaqırımday alıslap ketti. Sonlıqtan awıldın' g'arrı-jasları balıqshılıq ka'sibin qoyıp, kimisi qalag'a, kimisi dalag'a ıdırap ketpedi me?

—Yaq, ata. Men u'lkeyemen, ten'izge suwdı o'zim toltıraman. So'ytip, korabl kapitanı bolaman. Ata, ırasın aytsa, moryak bolıwım ushın ne islewim kerek?

—A'y, balam-ay. Jas tilegi qabıl degen. Qudayım maqsetin'e jetkeysen'. Aralımız suwg'a tolg'ay. Du'nyag'a dan'qı ketken altın sazanımız qaytadan sekirip-oynap, qazanımızg'a tu'skey.

—Ata, aytsa. Moryak bolıwım ushın ne islewim kerek?

—En' da'slep balam, den sawlıg'ın' mıqlı bolıwı kerek.

—Menin' den sawlıg'ım zor. Usı waqıtqa deyin awırg'anım joq. Qara eshkinin' su'tin ishken awırmaydı degen ıras eken. Ata, aytsa, moryak bolıwım ushın ne islewim kerek?

—Niyetin'nen aylanıp keteyin. Qoymadın' g'oy, meyli onda qulaq sal. Da'slep sen kishkene yunga bolasan'.

—Yunga degen ne ata?

—Jas o'spirim balanı moryak demey yunga dep ataydı, yag'nıy kishkene ten'izshi degen so'z.

—Ura, men yungaman!

Bala atasının' ga'pine ushıp-ushıp quwandı.

—Ata yungalar ne isleydi?

—Yungalar moryaklar menen ten'dey xızmet etedi. Yag'nıy,

korabldе o'z waziypasın atqarıp, haqıyqıy moryak bolıwg'a talpınadı.
—Tag'ı ne isleydi?
—Da'slep olar korabldin' qurılısın u'yrenedi.
—Onda mag'an u'yret.
—Yaq da'slep sen qayıqtın' qurılısın u'yrenip al.
—A'y, qayıqtın' ne qurılısı bar. Qawınnın' pa'llesindey na'rse g'oy.
—Yaq, sen olay deme. Ten'izshi ushın a'piwayı qayıqtın' o'zi jorg'a at penen bara-bar. Yag'nıy, attın' er-turmanı, ju'weni bolmasa shaba almaysan'.
—Qayıqtın' er-turmanı, sol eki eskegi, otıratug'ın taxtayı...
—Yaq, balam haqıyqıy yunga bolatug'ın bolsan', olardın' o'z aldına atları bar. Mısalı jan'ag'ı sen aytqan, otıratug'ın taxtay-banka dep ataladı.
—Banka?!
—Awa, balam. Bunı barlıq ten'izshiler jaqsı biledi. Senin' de bunı bilip qoyg'anın' maqul balam.
—Dım qızıq eken.
—Qızıqlar ele aldın'da balam. Haqıyqıy ten'izshi bolatug'ın bolsan' ko'p na'rselerdi u'yreniwin' kerek. Ha'zirgi tan'lanıp otırg'an bankan' qayıqtın' bir g'ana mu'shesi. Al, qayıqtın' onnan basqa da ko'p mu'sheleri bar. Ayta bersen' onın' da'stanı tu'wesilmeydi.
—Aytsa ata, men ba'rin tez u'yrenip alayın.
—Bir otırısta ba'rin u'yreniw an'sat emes. Ol ushın qayıqqa barıp otırıp ko'rsetip tu'sindiriwim kerek. Pesinimdi oqıp alayın. Keyin ba'rin tu'sindiremen. Al, sen og'an deyin ılaqların'dı qayırıp kel.
Bala atasının' so'zin eki etpey quwanıp juwırıp ketti.
—İlayım niyetin'e jetkeysen'. Aralın' tolg'ay. U'yrek-g'azların' qaytıp kelip, awıl qaytadan quslar ma'kanına aylang'ay.

G'arrı bu'kireygen belin jazıp alıslarg'a ko'z tasladı. Alıstan batıl bolg'an, tat basqan kemeler suwdan sho'llep qalg'an ses-semirsiz sho'gip jatır. «Qa'ydem?! Biraq, adam qolı gu'l, ko'plep-ko'meklese ta'jip emes. Aralım qaytadan toladı...».

# SABAQ

Namaz jayında son'g'ı hayatın oqıp atırg'an atasına Allayar juwırıp keldi.

—Pay ata, ele oqıp bolmag'ansan' ba? Bala narıyza keyipte atasının' shalg'ayına kelip otırdı.

G'arrı aqlıg'ının' bul shıdamsızlıg'ına tas bolmasa namazın buzıp alayın dep edi.

«...Allag'ula sala, allag'ula pala, Assalawma aleykum rahmetulla, assalawma aleykum rahmetulla...».

G'arrı mıyıq tartıp aqlıg'ına qarap qoydı ha'zir bolaman degendey isha'ra't etti. Namazdın' son'g'ı qayırımın oqıp, ata-babalarg'a pa'tiya etti.

—Sha'wkildep turg'an ju'regin' xanasına sıymay tur-aw balam. Meyli, atqa bir qısım ot salıp alayın, basqa jumıs bolsa quday-razaq. Ju'r balam kettik. Sen menin' hasamdı alıp shıg'a ber, go'ne gewishimdi kiyip shıg'ayın.

—Ura, atam menen qayıqtı u'yreniwge baramız. Men ten'izshi bolaman! Men ten'izshi bolaman!

Atasının' hasasın at qılıp mingen bala dalag'a quwanıshlı juwırıp shıqtı.

—Allayarjan, ha' Allayarjan sen qayaqqa. Ayran atlap edim. Nang'a azmaz may jag'ıp bereyin be?

Qamıs shertekten a'jesi dawısladı.

—Yaq, a'je waqtım joq. Bizler atamız benen batıl bolg'an kemelerge baramız.

—Ol jerde bir na'rse qaldırdın'ız ba? Talabı joq g'arrı jas balanı ku'nnin' ıssısında qayaqqa aparmaqshı.

—G'arrı, ha' g'arrı.

—Kempir, o'zin'nen-o'zin' ne dep gu'n'kildep atırsan'?

—Jan'ag'ı balası tu'spegir mına ıssıda juwırıp ketti g'oy. Qayaqqa bara jaqsız. Atam menen bir jaqqa baramız deydi.

—He, awa. Ha'zir kelemiz.

—Balam bala deyik, sonsha jasqa barg'an sag'an ne bolg'an. Ja'ne tag'ı sol erteklerin'di basladın' ba? Usı zamanda ten'iz qayda, birew qayda, jas balanı joq na'rsege alan' etip ne qılasan'.

—Kempir, sen o'z isin' menen bola ber. Biz erkekler o'zleri-

miz bilemiz. Bu'gin aqlıg'ın' yunga bolaman dedi. Quday bul so'zdi awzına salg'an shıg'ar...

—A'y, sen aljıg'annın' ga'pin tın'lag'an bala ne demeydi. Na'reste eliklegen deyik, al seniki ne? Onın' ornına mallarin'dı...

—Yaq, balanın' so'zin qaytara almayman. Kemelerdi ko'rsetip keleyin. Tez qaytamız.

—Kemelerge kettin', belgili g'oy, namazlıgerin'di qaza qıldı degen so'z.

G'arrı gewishin tawıp aldı da kempirinin' so'zlerin elestirmey, shapannın' eki shalg'ayın artına qayırıp, qolların arqasına quwsırıp aqlıg'ının' izinen ju'rdi. Aqlıg'ı bolsa atasının' hasasın at qılıp minip biraz jerge barıp qalıptı.

«Niyetin' joldasın'», maqsetsizlerden quday saqlag'ay. Aqlıg'ına jetiw ushın adımların shıyraqlattı.

—Ata, ata u'lken kemelerge barayıq pa?

Aqlıg'ı atasın ku'tip irkildi.

—Yaq balam, da'slep kishkene qayıq qurılısın u'yrenip alayıq.

—Pay ata, qayıqtın' ne keregi bar, u'lken kemeler turg'anda.

—Olay deme, ha'mme na'rse kishkentaydan baslanadı. Anaw qayıqqa qaray ju'r.

—A'y, skeleti qalg'an qayıqtan ne u'yrenemiz ata?

—Ju're ber balam. U'yrenetug'ın adamg'a sonın' o'zi de jetedi.

G'arrı jaqınıraq turg'an qayıqtı aytqanının' sebebi, o'rkesh-o'rkesh qumlar ayag'ın izge tartıp, sharshatayın degen edi.

—Mine balam, mına qayıqtın' bir qaptalı joq bolg'anı menen kili, shpongautları qalıptı. Yag'nıy kil degenimiz qayıqtın' omırtqası, shpongaut degenimiz onın' qabırg'aları.

—He, qayıqlarda adamg'a usaydı eken-aw.

—A'lbette. Tiri jan, adam menen ta'biyattın' barlıq qubılısları bir-birine baylanısadı. Yag'nıy, adamnın' omırtqası qansha ku'shli bolsa ol omırawlı, g'ayratlı boladı. Qayıqlar da sonday, kili menen mıqlı. Sonlıqtan bul qayıq qanshelli tozsada mına kili elege deyin tozbay tur.

—Ata bunın' bankası sınıp qalıptı g'oy. Yaq, toqta artqı bankanın' yarımı qalıptı. Kel usı bankada otırıp al ata.

—Yaq balam, bunı keyingi banka degenin' nadurıs. Ol qayıqtın' korması yaki yutı delinedi. Al aldın'g'ı otırg'ıshı bolsa bak delinedi...

G'arrı bir pa's ko'kiregin samalg'a kerip demin aldı.
—Aytsa ata, nege indemey qaldın'. Bak penen korma ken' qılıp isleneme deymen, ya ata?
—Ol jaqların sag'an ele tolıq tu'sindiremen. A'weli qayıqlardın' tu'rlerinde bilip alg'anın' maqul. Bizler qayıq-qayıq deymiz bul xalıq tilinde al, ten'izshiler tilinde yal delinedi. Ha'zirgi otırg'anımız eki eskekli yal yaki tuzik dep ataladı.
—Haw, Bazarbaydın' ku'shigindey tuzik deymiz be?
Bala hayran qalg'anın jasıra almay wa-ha-ha lap ku'lip jiberdi.
—Sen ku'lme, tın'la.
Allayar atasının' so'zin bo'lgenine qısınıp ku'lgenin toqtattı.
—Yal altı eskekli boladı al, altawdan da ko'p eskekli bolsa barkas delinedi.
—Hm-m.
—Jan'ag'ı sen ayt degen bak penen yuttın' nege ken' ekenligin bilgin' kelse, olardın' xızmetleri ko'p...
G'arrı sınıq a'piwayı bir qayıqtın' qurılısın bir saattan ko'p a'n'gime etti.
—Way-uw. Men bir a'ytewir shıg'ar desem qıyın eken g'oy. Ha'zirdin' o'zinde ko'bisin umıtıp qaldım.
—Solay balam. Ten'izshi degendi an'sat bilme, ol du'nyadag'ı en' qıyın ka'sip. A'weli jaqsı yunga bolıp jetilisiwin' kerek. Yungalar botsmang'a kemenin' qurılısların, ju'risleri ha'm tag'ı basqa da u'skenelerinin' xızmetleri tuwralı yungalıq imtixanlar tapsırıp baradı. Ten'izshi bolıw ushın ayrıqsha jag'daylarda kapitan bergen buyrıqlardı sabırlı, albıramay orınlap u'yreniw kerek. Kemede ayrıqsha jag'daylar tosattan ku'tilmegende ushırasıwı mu'mkin. Sonday jag'dayda kapitan «Trevoga» ja'riyalaydı. Al, ten'izshiler ayrıqsha jag'daydı saplastırıwg'a ten'dey birlikte gu'res alıp baradı.
—Ayrıqsha jag'day degen ne ata?
—Ayrıqsha jag'dayg'a ten'izdin' de, hawa rayının' da qatnası bar. Mısalıg'a barometr hawa rayının' o'zgeriwin ko'rsete baslawdan kapitan shtorm dawıldın' aldın alıw ushın «Trevoga» ja'riyalap, ten'izshiler kemenin' barlıq lyuk, illyuminator, qapıların jabadı. Kemenin' joqarısında jaylasqan u'skenelerdi ko'zden o'tkerip bekkemlep shıg'adı. Sebebi dawıl bolsa ten'iz tolqınlanıp kemenin' ju'riwi qıyınlasadı.

—Ja'ne qanday trevogalar boladı?
—A'y, balam-ay, ayta beriwge tilin'de barmaydı. Quday saqlag'ay, ayrıqsha jag'daylar bolmag'ay.
—Aytsa ata?
—Qoymadın' g'oy. Sonı bilip qoy balam, trevoganı tek kapitan beriw sha'rt emes.
—Ne ushın?
—Ayrıqsha jag'day, na'wbetshiden basqalar dem alıp atırg'an waqıtları bolıwı da itimal. Sol waqtında vaxtada turg'an na'wbetshi de beredi.
—Sonda qalay, kapitan da dem ala ma?
—Awa, kapitanda dem aladı.
—Olay bolsa na'wbette men tursam, mende trevoga bere alaman ba?
—A'lbette.
—Qa'ytip?
—Ha'r bir trevoganın' o'zine tiyisli belgileri boladı. Sonı bilsen' boldı.
—Belgilerdi biliw qıyın shıg'ar?
—Hesh qıyını joq. U'yrenip ketesen'. Mısalı: O'rt bolsa yaki kemenin' bir jeri tesilip suw kirip atırsa sen sonı birinshi bolıp sezsen' elektr qon'ırawı arqalı, keme rındası «qon'ırawı» ja'rdeminde belgi beresen'. Bul belgiler en' a'piwayıları. Onı ha'mme biliwleri sha'rt.
—Bunnan da qıyınları bar ma?
—Awa. Onın' arnawlı oqıwın oqıp biliw kerek. Mısalıg'a bizlerdegi ayrıqsha jag'day awırlasıp onı o'z ku'shimiz benen saplastıra almasaq biz ten'izde ju'rgen basqa kemelerden ja'rdem sorawımız kerek. Bunday trevogalar tek kapitannın' sheshimi menèn boladı. Onı «SOS» dep ataydı.
—Dım tu'sinbedim.
—«SOS» degen xalıq aralıq belgi. Ol radio arqalı keme radisti kapitannın' sheshimi menen bolg'an jag'daylardı aytıp, kemenin' ten'izdegi koordinat orınların ko'rsetip efirge jiberedi. Bul radio kanalı ba'rqulla bos turadı, onda nama yaki basqa xabarlar aytılmaydı. Sebebi, ayrıqsha jag'dayg'a tu'sken kemelerdin' belgisin basqa kemeler, hawadag'ı samoletlar, jag'adag'ı qutqarıwshı toparlar anıq esitiw ushın arnalg'an. Bul belgini

esitken basqa kemeler, bul belgini alg'anı haqqında ha'm o'zinin' qaysı qashıqlıqta, qaysı ta'repte, qashan ja'rdemge jetip kele alatug'ının ma'limleydi. Kapitan usı ma'limlemeni qabıl etkeni haqqında belgi beredi ha'm mu'mkinshiligi bolg'ansha ayrıqsha jag'day menen o'zi gu'res alıp baradı. Eger kemenin' ju'riw imkaniyatı bolsa ja'rdemge kiyatırg'an kemege o'zin bag'darlap ju'rip eki aralıqtag'ı aranı qısqartadı.

—SOS tı bizler esitsekte ja'rdemge baramız ba, ata?

—A'lbette, balam. Bul xalıq aralıq ten'izshilerdin' parızı. Ol keme qaysı eldiki bolıwına qaramastan ja'rdemge asıg'ıw kerek. Sebebi, onın' ishinde adamlar bar aqırı. Olardı apattan qutqarıw insanıylıq is balam.

—Way-uw. Aytqanın'ızday moryak bolıw an'sat emes eken.

—Awa, awa shırag'ım.

—Ba'ri-bir men moryak bolaman.

—Bola g'oy qanatım. Ila'yım maqsetin'e jetkeysen'. Xalıq ırısqısı Aralımız qayta,tolqıp, burqıg'ay.

—Toladı ata. Ele siz menin' korablimdi jag'ada ku'tip alıp turasız. Al, men sizdi ko'riwden shturmang'a uzaq gudok beriwin buyıraman. Mısalı: mınanday qılıp:

Allayar awzına qolın aparıp eki ret «Гu'w-w, Гu'w-w» dep qıyqırdı.

Olar so'z benen awıldın' shetine kelgenin bilmey qaldı.

## DA'RYADAN TEN'IZGE

—Ata, bizin' babamız shırashı bolg'an deydi? Ol qalay ten'izge shıra jag'ıwg'a bola ma?

—Yaq balam. Babalarımız burın da'rya boyında jasag'an. Ol zamanda da'rya burqasınlap ka'narına sıymay aqqan. U'lken-u'lken paraxodlar, barjalar[1] ju'rgen. Keyin kem-kemnen suw qaytıp da'ryalar qayır tewip qaldı. Ba'rhama da'ryag'a, suwg'a u'yrenip qalg'an babalarımız aqırında ten'izdin' boyına ko'ship baradı. So'ytip keyingi a'wladımız ten'izshi atag'ın aldı, bolmasa ha'mmemiz da'ryashı-shırashı edik.

—Sonda shıranı da'ryag'a qalay jaqqan?

—Bizin' A'miwimiz aydarhaday qa'ha'rli ag'ıp geyde ka'narına

[1]-*barjalar—ju'k tasıwshı kemeler.*

sıymay o'z bag'darın tez-tez o'zgertip, jag'alar degish alıp gu'mp-gu'mp jar taslag'an. Sonday-aq, o'z waqtında ju'retug'ın paraxodlar sayızg'a batıp qalmaslıg'ı ushın teren'liklerdi lot[1] penen o'lshep ku'ndiz baken[2] qoyıp keshte sol bakenlerge shıralar jag'ıp qoyg'an. Yag'nıy olar paraxodlarg'a jol ko'rsetkishleri bolıp esaplang'an. Bilsen' balam bul u'lken sawaplı is edi. Qaran'g'ı joldı jaqtırtıw menen ten'. Sebebi, shırashılar bolmag'anda barjalar, paraxodlar qansha jollarınan qalar edi. Babalarımız sonday a'diwli ha'm awır ka'sipti iyelegen.

—Shıra jag'ıwdın' nesi qıyın ata?

—Oy-boy, balam. Qayıq penen bakenlerdi ha'r jerden ha'r jerge ko'shirip qızıl, aq shıralardı tu'n qaran'g'ılarında qoyıp shıg'ıw an'sat deysen' be? Ba'ri qol ku'shi menen islengen ol waqıtta motorlı qayıq bolmag'an. Dawıllı ku'nleri da'ryag'a o'rlew dım qıyıng'a tu'sken. Uzın sırıqlarg'a tayanıp, qayıg'ın'dı jılıstırıp bilektegi bar ku'shin sarıplag'an.

—Qalay, qızıl, aq degenin' ne, ata? Yag'nıy joldag'ı svetaforlarday bolg'an eken g'oy.

—Awa. Qızılı qa'wipli, ag'ı joldın' durıs bag'darın ko'rsetken. Ol waqıtları temir jol bolmag'anı sebepli, suw jolı ju'da' qa'dirli edi. A'miwda'ryamız arqalı Possiya ha'm qon'sı xalıqlar menen suw jolı arqalı tıg'ız baylanısta bolg'anbız.

Mısalı u'lken-u'lken barjalar un, azıq-awqat, qant-shaylarımızdı Rossiya ta'repten a'kelse, bizlerden kerekli zatların awmastırıp alıp ketken. Paraxodlarda bolsa jolawshılar qatnag'an. Qullası-kalam ol waqıtları suw jolı ju'da' a'hmiyetke iye edi. Ha'tte urıs waqıtlarında a'skerlerimizdi suw jolı menen alıp ketti. A'ne solarg'a bizin' shırashılarımız ku'ndiz-tu'ni xızmetinde bolıp, xalıq iygiligine xızmet etken. Balalıg'ımda mende shırashı bolaman dep a'rman etetug'ın edim. A'tten' suw qaytıp, a'kem menen ata-ma'kanımızdı ilajsız taslap o'zgertkenbiz. Da'slepki waqıtları ten'izge u'yrenispey, da'ryadag'ıday qulash kerip ju'zemen dep ten'izde mantıg'ıpta ju'rdim.

---

*[1]-lot,-teren'likti o'lshewshi ushında ju'gi bar, belgileri bar jıp.*
*[2]-baken,-qalqıma ag'ashtan islengen qos.*

—Asaw da'ryada ju'zip u'yrengen adam ten'izde mantıg'a ma eken?
—Mende da'slep solay oylag'an edim. Qarap tursam da'ryanın' dushshı suwı jen'il, ten'izdin' ashshı suwı awır boladı eken. Onlag'an bakenlerdin' aralıg'ında ju'zip u'yrengen men ten'izdin' 1-miline[1] de shıdam bere almadım. Sog'an arlang'anımnan a'kemnin' aytqanın qılmay ten'izde ju'ziwdi, qayıqta ju'riwdi jasırın u'yreniwge tırıstım. Bir na'rseni maqset etip qoysan' maqsetin'e jetedi ekensen'. Aradan ko'p o'tpey balıqshılardın' isenimine eristim. Kele-kele «Morskoy volk» laqabında aldım balam. So'ytip atan' ata ka'rin ten'izshige o'zgertti.
—Shırashıda jaman ka'sip emes eken. Al ten'izshi onnan da jaqsı. Men haqıyqıy moryak bolaman.

## ON BES KU'NNEN BIR İMTİXAN

—Ata, qabırg'anı ne deytug'ın edi?-dedi Allayar jan'a awqatın awzına apara bergen atasına.
—Demde umıtqanın' ba? Qa'ne o'zin' esin'e tu'siriwge umtıl. Sebebi umıtshaq bala yunga bola almaydı.
—Omırtqanın' kil ekenin g'oy bilemen, al...
—Bul ne biya'deplik? Awqat u'stinde de ga'plerin'iz tu'wesilmeydi.
A'ri-beri shıdag'an a'jesi keyip tasladı.
—Ko'rdin' be balam. Sag'an neshshe ret eskertsemde umıtıp kete beresen'.
—Yaqshı, so'ylemeymen.
Allayar g'arp-g'urıp awqatlanıwg'a qaradı.
—A'sterek. Tu'yilip qalarsan'. Sen g'arrı tınıshın'a ju'rmey, ne tawıp ju'rsen'. Balanın' bul asıg'ıwında jan bar. Qayaqqa barmaqshısızlar?
—Hesh jaqqa, hesh jaqqa, kempir.
G'arrı sabırlı juwap berip, aqlıg'ına qarap bir ko'zin qısıp qoydı.
—Ishlerin'iz maylı. A'kesi awdan kele bersin. Ta'mbin'izdi bergizemen. Al, ha'zir tınısh otırıp sa'skelik go'jen'di ishin'de,

---

*[1]-mil—ten'izde aralıqtı o'lshewde qollanadı, 1600 metrge ten'*

janlıqlardı jayıp kelin'.
—«Est tovarish kapitan!». Buyrıg'ın'ız ba'rjay keltiriledi a'jesi. Tek balamdı kishesine shag'ına ko'rme. Mug'allim degen qatan' boladı. Qa'pelimde...
—Yaqshı, yaqshı. Tek awqat u'stinde so'ylesiwin'izdi qoyın'. Olsızda ekewin'izdin' so'ylesiwge waqtın'ız ko'p emes pe?
—A'jep-a'jesi. Allayarjannın' bir erkeligin keshir. Mine tostag'anın' «DP»nı ku'tip tur. Ma'lel bolmasa bir sho'mish...
—Mag'anda «DP»! A'je, bu'gingi go'jen'iz ju'da' mazalı boldı.
—O'zlerimizdin' atızdın' ju'werisinen pisirdim. Ne degen menen azot-pazotsız da'n-da' balam.
Kempir asının' aqlıg'ına unag'anına quwanıp mardıyıp quydı.
—Awa-da'. Kim oylaptı Araldın' ultanına ju'weri egip jeymiz dep.
G'arrı o'zinin' gu'rsingenin bilmeyde qaldı.
—G'arrım-ay qaraspandı tu'sire berme dep mag'an keyip ju'rip, bul gu'rsingenin' ne?
—Gu'rsinbey qa'yteyin, ten'izimiz ultanı egislik jerlerge aylang'an sayın ju'regim sızlay tu'sedi.
—A'ne, sizlerde awqat u'stinde so'ylesip kettin'iz. Al, men bolsam «DP»ımdı tu'westim.
—Durıs aytasan' balam. Qanshelli ta'rtip saqlayıq desekte Aral da'rti umıttırıp jibere beredi. Irastanda awqat u'stinde so'zdi qoyayıq balam. Qa'pelimde a'jen' bizlerge gezeksiz bir-bir naryad berip ju'rer,—dep g'arrı quwjın'lap qoydı.
Kempir a'jesi ga'ptin' ma'nisin tu'singendey «mırs» etip ku'lip' qoydı.
G'arrı gezegine go'jesin g'arıp-g'urıp ishiwge qaradı.
Kempir ernin qımıp, u'nsiz basın ekshedi.
Atası go'jesin iship bolıp tostag'anın kempirinin' aldına jılıstırıp atırg'anın ko'rgen Allayar.
—Ata, esime tu'sti. Qabırg'anın' atı shpongaut, birinshi otırg'ısh bak, ekinshisi arttag'ı...
Ol irkilip, uyalıp to'men qaradı.
—Yaqshı, yaqshı. Kel balam, bizler bılay keliseyik. Janlıq jayıp ju'rip, ja'ne so'zlerimizdi aytıp yadlawg'a tırısayıq. Al on, yaq on bes ku'nnen keyin baslang'ısh imtixan alaman.
—On bes?! Yag'-aw, bes-altı ku'nde-aq ba'rin u'yrenemen.

—Bolmaydı. Sen ele «zelen podkilnıy»san'.

—Haw, ata. Men bes-altı ku'nde tayar bolaman «zelen podkilmy» bolg'ım kelmeydi.

—Zelen bolg'anda seni jasıl dep atırg'anım joq shırag'ım. Sen ele imtixan tapsırıwg'a shiykisen' yaki pisip jetilispegensen' degenim. A'welden-aq kelisip edik g'oy, ten'izshi degen saldamlı, sabırlı, o'z ka'sibin teren' u'yreniwi tiyis dep. Aqırı asıg'ıslı is uzaqqa barmaydı. Asıqpay jaqsılap bilip almag'anshelli imtixan almayman. Kelistik pe, qolın'dı ber.

—Yaqshı.

Allayar ila'jsız qolın sozdı. Sebebi, ol yunga atag'ın ko'teriwge dım asıg'ıp tur edi-da'.

## MAYLANBAG'AN JILIM

Balıqshılar seyneri[1] ten'izdin' kishigirim tolqmların qaq ayırıp o'z u'yirine asıqqan tulparday jag'adag'ı balıq qabıllaw punktine jaqınlasqanda keme kapitanı Da'niyar jag'adag'ılarg'a 2 gudok berip kemenin' elektr qon'ırawı arqalı avral[1] belgisin qaqtı.

Balıqshı matroslar avral belgisi boyınsha o'zlerinin' minnetli orınlarına kelgenin ko'rgen Da'niyar:

—Konets[3] krants[4]lardı on' qaptaldan tayarlan' dep keme radiosı arqalı xabarladı.

Bul xabardı esitken balıqshı matroslar, jag'adag'ı ku'tip alıwshılar ha'reketke keldi. Berilgen xabardın' orınlang'anın joqarg'ı mostik[5] te bayqap turg'an kapitan Da'niyar.

—A'ste ju'ris,—dedi rulevoyg'a qarap.

—A'ste ju'ris,—dep ta'kirarladı rulevoy.

—Rumba[6] da on'g'a 5.

—Rumbada on'g'a 5,—dedi rulevoy kapitan so'zin ta'kirarlap.

—Mashina toqtatılsın.

—Mashina toqtatılsın,—dedi rulevoy mashın telegrafının' qol uslag'ıshın mashina toqtatılıw ornına jılıstırıp, mashina

---

*[1]-seyner,-balıq awlawg'a qolaylastırılg'an keme.*
*[2]-avral,-jebel basa-bas jumıs.*
*[3]-konets,-arqannın' ushı, arqan degen ma'nide.*
*[4]-krants,-keme qaptalın jaraqatlamaw ushın islengen torlang'an tu'yme.*
*[5]-mostik,-kapitan turatug'ın orın.*
*[6]-rumba,-gradus.*

telegrafı shın'g'ırlag'an qon'ırawının' strelkası qol uslag'ısh penen sa'ykes kelip toqtag'anda.

—Mashina toqtadı,—dedi rulevoy.

—Yaqshı,—dedi Da'niyar.

Balıqshılar seyneri o'z pa'ti menen pirske jaqınlasa baslag'anda Da'niyar kemenin' bak betinde turg'an matrosqa:

—Tayarlan!—dep rupor[1] arqalı buyrıq berdi.

Ele pirske biraz aralıq bar bolg'anlıqtan ol matros arqayınlıqqa berilip turg'an ornında qozg'almastan qaldı.

—Tayarlan! Ne qılıp tursan' yakor lebedkasının' shpil[2]indey bolıp? Konets, krantslarin' qayda?!-dedi Da'niyar bul ret keme radiosı arqalı ashıwlı o'ktem dawısı menen.

Kapitan buyrıqları radio arqalı berile bergenge albırag'an matros arqandı qolına ala-sala bılg'ap-bılg'ap jag'ag'a ılaqtırıp jiberdi.

—Haw, ılaqtır demedim g'oy. Sag'an ba'rqulla aytıp sharshadım. Albırag'an, qaltırag'an qolın' arqandı go'zlegen jerge jetkere almadın'.

Da'niyardın' ashıwlı dawısın esitken jag'adag'ılar keme ta'repke juwırıp kelip, suwg'a endi tu'seyin dep turg'an arqandı o'zlerine tartıp pirstegi tumbag'a «baqang'a» ildirdi.

O'zine kelgen matros arqandı tez-tez jıynastırıp kemenin' knext[3] tine ayqastırıp baylap bolg'anda, keme on' jag'ı menen a'ste kelip toqtadı.

Jag'adag'ılar Da'niyardın' kapitan mostiginen tu'sip kiyatırg'anın ko'rip:

—Shaması Da'niyardın' jılımı bul rette maylanbag'an.

—Bilmeymen, keyingi waqıtta onın' baxtı ju'rispey-aq qoydı.

—A'y, usı waqta kimnin' baxtı ju'risip atır. Ju'r, onın' ashıwlı ko'zine ko'rinbeyik.

Eki balıqshı keyin sheginip awların shuwmaqlap-shuwmaqlap iyinlerine qag'ıp saldı da tez ketip qaldı.

Da'niyar kemeden shıg'ıp balıq qabıl etiwshilerdin' ken'sesine kirdi. Ashshı ten'iz samalı qaq-qaq jarg'an ju'zi qarawıtıp, uyqıdan qalg'an qabaqları isip ketipti.

---

*[1]-ruptor,-dawısqa pa't engiziwshi shar-sharg'a usag'an u'skene.*
*[2]-shpil,-ko'sher.*
*[3]-knext,-еки шақлы темир қазық.*

—Assalawma-aleykum!
—Haw, Da'niyar, sen ekensen' g'oy keler-kelmesten dawrıg'ıp ju'rgen. Qalay aman keldin'iz be? Jılımlarının'ız maylandı ma?
—Buyırg'anın alıp qayttıq.
—Sharshag'an ko'rinesen', irkilmey qayta ber! Jigitlerin'nin' o'zleri tapsırar.
—Jigitlerde sharshadı. Anaw-mınaw dep dın'g'ırlay bermey alıp qal. Ta'rezimanda bul a'tirapta ko'rinbey me?
—Yaq, yaq. Usı jerde ju'ripti. Ha'zir izletemen.
Qabıllawshı maylı qarnın bu'lk-bu'lk ettirip sırtqa shıqtı.
—Jaken qayda? Bar shaqır onı.
Ol ko'zine tu'sken birinshi adamg'a alıp topıldı.
—Jan'a g'ana usı jerde ju'r edi g'oy.
Ol albırap a'tirapına jılman'lap qaradı.
Ta'reziman tez arada tabıla qoymadı. Sapardan kewil xoshsız qaytqan Da'niyar pakgauz[1] dın' a'tirapında o'rli-g'urlı adımlap ju'rdi.
—Da'niyar, bu'gin basqasha ko'rinesen' g'oy. Shaması awın' ju'rispedi me deymen.
Da'niyar bul so'zlerge ma'ni bermesten sol ju'risin dawam etti. «Usınnan ku'n boldı ma, 2-3 ku'n ju'rgendegi a'kelgenimiz kememizdin' janar mayına jetpeydi. Bul halda balashag'amızdı qalay asıraymız. Ko'zdi jumıp, qoldı siltep ketkenlerdin' izinen ketiwge tuwra kelip tur. Shoq-shoq bolıp otırg'an awıllar, sonsha o'mirin pida' etip salg'an jaylar bosap qalıp atır. Aqırı endi xalıq ne qılsın, tirishilik ku'n-ko'ris kerek. Dayısının' qayta-qayta Mayjapqa shaqırg'anınsha bar eken. Bıyıl shalılar jaqsı bolg'an desedi. Bul barısta quday bilsin gu'zgi masaq teriwge shıg'amız ba? Ju'da' bolmasa atamızdın' ma'kan jayı Qıran tawg'a ko'shemen be? Yaq-yaq en' abzalı paytaxtqa ko'sheyin. Sebebi, balalarda erjetip kiyatır, olardı oqıtıw kerek. Bunnan 5 jıl burın ko'shken ajag'amda shep bolg'an joq. Qalanın' shetinde Qos-ko'l degen jerden eki qabat jay salıp alıp edi, ha'zir jayı altı qabat bolıptı. Bag' ha'remleri bar. Qaptahnan mag'anda orın tabılar...»
—Da'niyar, ha' Da'niyar sen uyıqlap qalmadın' ba? Ta'reziman keldi dep atırman.

---

[1] *-pakgauz,-sklad.*

Da'niyardın' qıyalların balıqshı bo'lip jiberdi.

—Kelgen bolsa balıqların'ızdı ta'rezige sala bermeysiz be?

Da'niyar gu'n'k etip pakgauzg'a kirdi.

Jigitler a'lle qashan balıqlardı ta'rezinin' basına a'kelip qoyg'an eken. Ta'reziman qa'lem menen da'pterin alıp ta'rezinin' tasların dize basladı.

—Salın', salın', kilog'a tuwrılayıq,—dep ta'reziman Da'niyardın' ashıwın basıw ushın jag'ımpazlandı.

Balıqlardı tapsırıp o'z miynet wazıypaların atqarg'an balıqshılar mashinag'a mindi. Olar jolg'a shıqqanda biraz gewgim bolıp ku'n uyasına a'lleqashan semgen edi. Ju'k mashinanın' u'stinde qatarlasıp otırg'an balıqshılar mashınnın' solqıldısınan dîn'keleri qurıp awılına zorg'a jetti.

—Da'niyar ag'a, da'slep sizdi u'yin'izge aparayıq, dedi shofer awıldın' aynalarının' jaqtıları ko'rine baslag'anda.

—Yaq, burıng'ıday en' aqırına qalaman. Uyat boladı,—degen so'zdi qosıp qoydı. Shofyor bılay degeninin' ma'nisi Da'niyardın' kewil xoshının' joqlıg'ın sezgen son', onı tezirek u'yine quwıstırg'ısı kelgen edi. Ila'jsız mashındı qoyımshılıqtın' arjag'ındag'ı arba jolg'a saldı.

«Usınnanda ku'n boldı ma? Eki-u'sh ku'nlep ten'izdin' duzlı samalın jutıp, ja'ne saatlap ulı solqıldıda ju'rip tapqanımız nanımızg'a jetpese. Shıdag'anım jeter. A'kem tayaqlap quwıp jiberse de usı oyımdı tuwrıdan-tuwrı aytaman. Qashang'a shekem kishkene na'restedey jaltaqlap, ishimnen azap shegemen. Ba'lkim g'arrı ten'izshi de tu'sinip ko'p qıynamay ko'ner. Ku'nnen-ku'nge alıslap baratırg'an ten'izdi quwıp jasaymız».

—Da'niyar ag'a u'yin'izge keldin'iz. Shofyor Da'niyardın' iyninen a'ste tu'rtti. Kabinadan tu'se bergen Da'niyardın' aldına «qutlı ayaq» sekirip shıqtı.

—Wax, men sag'an bazarlıq a'keliwdi umıtıppan g'oy.

Ol kisesin qarmalanıp birer na'rse izlegen edi, taba almadı. Yaqshı «qutlı ayaq» sen na'reste emessen' g'oy bara g'oy endi. Ol ergenekten kire bergende anası aldına juwırıp shıqtı.

—Da'niyarjan, aman keldin' be?

—Ag'am keldi, ag'am keldi,

—Allayarda ko'rindi.

—Ag'a, ag'a, men yunga boldım. Atamnın' imtixanınan o'ttim.

Da'niyar balasının' quwanıshlı so'zine ne derin bilmey albıradı. Sebebi, bag'anag'ı oylarg'a birotala qayshı keletug'ın xosh xabar edi.

—Ag'a, ag'a men yunga boldım deymen.

—Balam ag'an' dım sharshap keldi, u'yge kirsin,—dedi anası balasının' kewilsiz kelgenin sezip.

—Menin' balamnın' quwanıshına birde juwap atpadın' g'oy tasbawır.

—G'arrı ten'izshi u'yde otırıp shıday almay ol da bosag'ag'a jaqınlastı.

—Pay ag'a deymen-aw, ten'iz qurıp atırg'anda na'resteni alan'latıp ne qılasan'. Quday bilsin onın' aldında qanday baxıt ku'tip tur. Ba'lkim, ol ushıwshı, yaki anasınday mug'allim bolar.

—Yaq, men moryak bolaman. Atamday, sendey ten'izshi bolaman. Ele u'lkeye bereyin, Araldı suwg'a toltıraman.

—Awa, menin' aqlıg'ım ten'izshi boladı. Jas tilegi qabıl degen. Aralı suwg'a toladı. Quwanbaysan' ba balanın' ata ka'rine umtılg'anına.

—Qalay quwanayın ag'a, eki-u'sh ku'nlep ju'rip jılımıma durıslı balıq ildire almasam. Bul turısımızda ko'shiwimizge tuwra keledi.

—Qayaqtag'ını aytpa. Men bul jerden tapjılmayman. O'limim usı ten'izdin' boyında qalmag'ı lazım. Men o'lgen son', ne qılsan'ızda erkin'izde. Tiri waqtımda tapjılmayman.

—Men de atam menen ten'izde qalaman. O'zim jan'a yunga bolg'anda qalay ketemen. Ketpeymen.

Da'niyar indemesten u'yge kirdi de salıwlı to'sekke otırdı. Negedur burın ku'lkige tolı bul u'y tım-tınıshlıq. Kewilsiz u'yge aylandı. Jan'ag'ı so'zlerdi ishte ju'rip esitken hayalıda la'gendi u'nsiz a'kelip, qolına suw quydı. Da'sturxan jayılıp aldına shay a'kelingende g'arrı ten'izshi aqlıg'ın jetelep ekinshi bo'lmege ketip qaldı. Balasının' sapardan kewilsiz qaytqanına ınjılg'an anası qaptalına kelip dize bu'kti.

—Apa, sende shay iship otır. Bir o'zime shay batpas.

—Yaqshı qarag'ım, bizler jan'araqta g'ana iship bolg'an edik. Bu'gin keshirek keldin' g'oy.

136694
MA'1398
RESUBLİKALIQ BALALAR KİTAPXANASI

—Solay boldı apa. Jılımlarımız maylanbadı. Keyingi waqıtta ten'izdin' mazası qashtı.
—Qashang'ı bolsın den sawlıq. Ku'nde sizlerdey jılımshılar su'ze berip balıqlardı o'rshitpey atırg'an g'oy. Hesh ga'p, quday nesiybemizden qaqpasın. Eplep ku'n ko'rermiz.
—Eplegennen ku'n boldı ma.
—Qanat ete bil balam. Quday sonda beredi.
—A'y, quday barg'a beredi deydi g'oy. Jasag'anlar jasap-aq atır. Al bizlerdi kem-kemnen tarıqtırıp...
—O'ytip qudayg'a ha'si bolma. Ta'wbe et balam.
Da'niyar u'nsiz qaldı. Shayg'ada meyli bolmadı. Balasının' qıynalıp otırg'anın sezgen ana:
—Qarag'ım qıynala bermey-aq qoy. Tirishilik bolsa ko'rermiz. Biraq jan'a ulın'nın' ko'kiregin qag'ıp a'nteklik ettin'. Bala paqır birazdan berli batıl bolıp, tat basqan kemelerge barıp, ko'p na'rselerdi u'yrenip edi. Ha'tte bu'gin atasına imtixan tapsırıp ju'regi sha'wkildep sag'an bildirgende.
—A'y apa-ay. Balalıq a'rmanlar-da'. Balalıqta kim nelerdi a'rman etpegen.
—Yaq, bul tek a'rman emes. U'lken niyet ha'm xalıqtın' tilegi. Qudaytala jarılqap sol u'mitlerdi orınlay ketse.
—Atamnın' imtixan alg'andag'ı quwamshın ko'rgende, kewlime Aral tolıp ketkendey boldı. Al, sen bolsan' sol quwanıshlarg'a suw serptin'de ju'reklerin muzday ettin'. Bunın' durıs emes Da'niyar. Ko'shetug'ın bolsan' bir o'zin' kete ber. Sebebi, bizler Araldın' tolıwına isenemiz,-dep hayalı da ga'p qozg'ap, juwabın ku'tpey sırtqa shıg'ıp ketti.
—Qa'nekey edi, sonday bola qoysa. Men de sonday bolıwın qa'lemeymen be. Yaqshı sabırlılıq eteyin. G'arrı ten'izshi imtixanınan o'tken balamdı bir qushaqlap qutlıqlayın.
—So'yt shırag'ım, so'yt qarag'ım. Kempir uzın jen'inin' ushı menen ko'z jasın sıpırıp otırıp qaldı.

## UYQISIZ AQSHAM

Da'niyar tu'ni menen do'n'bekship uyıqlay almadı. Tan' aldında az-maz ko'zgir ala bergeni qızıl ata qoraz g'oqaqlap mazasın aldı. A'ri-beri oyaq-buyag'ına awnaqshıp uyqısın

jalg'ag'ısı kelip edi, bolmadı. Aqırında ornınan ushıp turdı da ha'remge betledi. Bul erte turdım dese g'arrı balıqshı a'kesi qoradag'ı mallardı jayg'astırıp astındag'ı sho'plerin alıp atır. Da'niyar a'kesine a'lik sa'lemin berdi. G'arrı balasına qansha ashıwlı ekenin sezdirgisi kelmese de dawısında ekileniw bar edi.

—Ag'a, temir jaban'dı mag'an ber. O'zim sho'plerin salayın,— dedi ol a'kesin so'zge tartqısı kelip.

—Sen qashannan berli sharwa bola qaldın'. Qoran'dag'ı malın'nın' neshew ekenin de bilmeysen'.

G'arrı aqırında jekirinip jiberdi.

—Ag'a, keshe men sizdi o'kpeletip aldım. Aqırı mag'anda ata ma'kandı taslap ketiw an'sat emes. Jag'day, turmıs sog'an iytermelese qa'yteyin. Olsızda awılda tazdın' shashınday u'sh-to'rt u'y qaldıq. Jılımlarımız bolsa ku'nnen-ku'nge...

—Qashang'ı bolsın den sawlıq. Ten'izdi sen qusag'an neshshe balıqshı su'zip ju'rse nesi qaladı.

—Yaqshı, yaqshı ag'a, meni keshir. G'arrı ten'izshi sınag'ınan o'tken aqlıg'ın'dı erten' saparg'a alıp ketemen. Usı bu'ginnen baslap keshegi so'zdi ta'kirarlanbasına kepillik beremen.

—Iras pa balam. Bereket tap, kem bolma, baxtın' jatpasın.

—Atalı-balalı bir kelisimge keldi degen so'z ku'n jarqırap ashıldı. Men aqlıg'ımdı quwantaman. Kempir uzın eteginin' shalg'ayın ko'terip ha'remnin' ergenegine juwırdı.

—Toqta kempir, na'restenin' uyqısın buzba. Kim biledi ol da tu'ni menen uyıqlamay shıqqan shıg'ar.

—Bu'gingi tu'n bu'lingen tu'n boldı g'oy. Irastan da bul u'yde hesh kim uyıqlamag'an bolsa kerek.

Kempir jılamsırap, dawısı targ'ıllanıp qoya berdi.

—Keshirin' meni, menin' bir awız so'zim sonshelli ta'sirli awır boladı dep oylamag'an edim.

—Da'niyarjan sen bara-ber. Biz kempir ekewmiz aqlıqlarımızdın' malların jayg'astıramız.

Da'niyar mıyıq tartıp qudıq betke qaray ju'rdi. Nawada suw ko'rinbedi. Padag'a ketpesten burın mallar, janlıqlar suwg'a sho'lin qandırıp ketsin dep nawag'a jıldam-jıldam suw quya basladı. Sol waqıtta gu'zdin' tımırıq samalı esip kewlin yoshlandırıp o'zin biraz jen'iltip tasladı.—Qa'nekey, endi usı

waqıtta taw qoparıwg'a da tayınman. Ha'kisinshe mına eki nawanı toltırıwdan basqa mag'an qarag'an jumıs joq qusaydı. Endi ne qılsam eken.

Azang'ı shayg'a shekem aldartqanday is tappasa waqıt o'ter emes. O'zin qoyarg'a jer tappay a'tirapına qaradı.

Ol burın bunday halatta bolg'an emes edi.

—Ag'a, ag'a ırastanda meni ten'iz saparına alıp shıg'asan' ba? Atam so'y dep ayttı g'oy ıras pa? Qashan ketemiz? Bu'gin a'ketesen' be?

—Awa menin' sulıw yungam. G'arrı ten'izshi imtixanınan o'tken yunganı ten'izde sınap ko'remiz.

—Tap ha'zirme ag'a?

—Yaq balam. Bu'gin-erten' snast[1]lardı, azıq-awqattı tayarlawımız kerek.

—Bu'gin-erten'. Sonda eki ku'n ku'tiwim kerek pe? Pay ag'a bu'gin kete bereyikte.

—Ten'iz ta'rtibin jaqsı bilgen yunga bılay dep aytpaydı. Ten'izshi tayarlıqsız ten'izge shıqpaydı. Yag'nıy sen bul so'zin' menen ten'izshinin' sabır taqatlı, teren' oyshıl bolatug'ının umıtqansan' balam.

—Yaqshı, yaqshı ag'a, men shıdamlı bolaman. Ura, men ten'izge baraman! Ata men ırastan da ten'izge baraman!

Bala quwang'anınan atası betke shapqılap juwırıp ketti.

«Adamdı quwantıw degen qanday jaqsı na'rse, tu'ni menen g'oy uyıqlay almay shıqtım».

Da'niyar u'yge kirgende hayalı da kewilli ku'tip aldı. Ha'mme saltanatlı bayramdag'ıday da'sturxan a'tirapına jıynaldı.

## TEN'IZ BENEN USHIRASIW

Allayar a'kesi menen baliqshılar seynerine kelgende, ten'iz yunganı o'zinin' briz[2]i menen ku'tip aldı.

Bul ten'izdin' jıllı ju'zligi jas yungag'a haq jol tilegendey ko'rindi.

Qabıllaw punktindegi adamlar Da'niyardın' balasın izine ertip kelgenine tan' qalıstı. Tan' qalmasqa bolar ma edi, sebebi

---

*[1]-snast,-balıqshıg'a kerekli da'skeler.*
*[2]-briz,-ten'izdin' tolqınsız tınısh turg'an paytı*

bala quwanıshın ko'kke ko'termelegen anası tikken ten'izshi roba[1]sı bılay tursın elewishtey qılıp islengen beskozırka-bas kiyimine yunga degen jazıwı ha'mmeni tan' qaldırdı.

Ten'izshi g'arrı atası beskozırka lentasının' ushlarına yakor su'wretin salsa, kempir a'jesi robasının' ko'kiregine torlap shturval[2] menen yakordın' su'wretin sabaq penen nag'ıshlap toqıp berdi.

—Oho, ka'rxanamızg'a jan'a qa'niyge kelip atırma deymen,—dedi qabıllaw punktinin' baslıg'ı Allayardın' ayag'ınan basına deyin qarap.

—Kiyimlerinde fabrishnıy etip tigipti, nag'ız yunga bolıptı da qalıptı.

—Awa, g'arrı ten'izshi atasının' imtixanınan da o'tip keldi dep Da'niyar balasın marapatlap jawırnınan qag'ıp qoydı.

—Ele solayma? Qa'ne yunga vestevoy[3] bolasan' ba yaki kok[4] bolasan' ba?

—Yaq, men kapitan bolaman.

—Ju'da' ba'rekella..

—Qassaptın' balası qassap, otınshının' balası otınshı bolaman. degendey jigitimizdin' juwabına qara. Bizin' bala bolg'anda krax[5] bolaman der edi,—dedi qabıllaw punktinin' baslıg'ı.

—Qa'ne jıynalıp bolsaq jolg'a shıg'ayıq. Allayarjan sen o'z ornın'dı iyele, xodovoy[6] rubkag'a bara ber.

Usı waqıtta keme motorının' gu'rildisi esitiliwden xodovoy rubkadan keme radiosı arqalı:

—Da'niyar ag'a, seyner jolg'a tayar,—dedi kapitannın' ja'rdemshisi shturman Maqsetbay.

—Samalın'ız on'ınan kelsin!

—Jılımın'ız maylı bolsın!—dep tilek tilep qaldı jag'adag'ı balıqshılar.

—A'wmiyin,—dep Da'niyar kemege sekirip mindi.

Jag'adag'ılar Da'niyar kemege miniwden keme baylang'an arqanlardı jazdırdı.

---

*[1]-roba,-ten'izshilerdin' ku'ndelikli jumıs kiyimi*
*[2]-shturval,-rul*
*[3]-vestevoy,-awqat tasıwshı, ofitsiant*
*[4]-kok,-aspaz.*
*[5]-kraxbataler-skladshı*
*[6]-xodovoy rubaxa,-basqarıw bo'lmesi*

Keme pirsinen ajıralıp ten'izge kurs[1] alg'anda Da'niyar balasına basın iyzedi.

Ku'ni menen shıdamsızlıq penen a'kesinin' ruxsatın ku'tip turg'an Allayar keme gudoginin' jibin tartıp-tartıp jiberdi.

Jag'a kem-kemnen qashıqlap, bag'anag'ı balıqshılar ko'z ushında ko'rinbey qaldı. Allayar endi ko'zin alg'a, shegi joq gorizontqa tikti. Kete berse, kete berse usı keme menen du'nyanın' shetine jetse qanday jaqsı. Sira' jol tewsilmese...

Da'niyar balasının' uzaqlarg'a ko'z tigip qarap turg'anına su'ysinip qaradı. «Kishkene yungam» qıyalın'da neler keshirip atırsan'. Ila'yım saparın' on' bolsın. Alg'a qoyg'an maqsetin'e jet».

Balanın' qıyalın shag'alalardın' qıyquwlasıwları bo'lip kemenin' artındag'ı burqasınlag'an tolqınlarına qaradı.

—Ag'a, ag'a jer su'rip ju'rgen traktordın' izindegi g'arg'alarday shag'alalar shabaqlarg'a talasıp atır. Keme artındag'ı appaq ko'bikli tolqıng'a o'zlerin atıp atır. Yag'nıy bul jerde balıq ko'p shıg'ar. Jılımlardı taslaytug'ın waqıt boldı ma deymen?

—A'y bul jag'ag'a jaqın jerdegi shabaqlar g'oy, bizler ele teren'irekke ketemiz. Ata-babalarımızda «balıq teren'di izleydi, adam ha'zlikti go'zleydi» degen balam.

—He,-dep Allayar u'nsiz ko'zlerin alg'a tikti. Biraz tınıshlıqtan son' Allayar ja'ne a'kesine qarap:

—Ag'a, bizler dım a'ste kiyatırg'an joqpızba? Motoristlerge aytsa, qattıraq aydasın. Bul tursımızda qashan jetemiz.

—Ashıq ten'izde solay seziledi balam. Mashinanın' ju'risin jol shetinde juwırıp baratırg'an tereklerden bilesen'. Al, ten'izde onday terekler, jaylar joq, bir jerde turg'anday ko'ringeni bolmasa haqıyqıy u'lken jıldamlıqta baratırmız.

—Ju'r balam kayuta[2]g'a barıp azıraq dem alayıq. Aldımızda biraz jumıslar ku'tip tur.

—Yaq ag'a, o'zin' kete ber. Men usı jerde qalaman.

Da'niyar ulının' aytqanınan qaytpasın bilip izine burılıp qaradı. Tanawı darrıyıp ten'iz samalına ju'zin tik tutqan ulı a'kesinin' binoklin qolına alıp uzaq-uzaqlarg'a ko'z tigip tur. Bul ko'riniske su'ysingen Da'niyar—«Quday aldın'dı ashıp,

---

[1]-*kurs,-bag'dar.*

[2]-kayuta,-komnata.

maqsetin'e jet balam», dep gu'birlenip kayutanın' esigin ashıp, dem alıwg'a ketti.

Al, Allayar bolsa boyın tik tutıp sol qa'lipte gorizontqa u'lken niyetler menen qarap tur. Basındag'ı beskozırkasının' lentası samal menen jelbirep: «Men moryak bolaman» degen onın' so'zin ta'kipaplap turg'anday jelbirey tu'sti.

**Ken'esbay Elmuratov**

# MEN MORYAK BOLAMAN

(Povest)

*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*qaraqalpaq tilinde*
*No'kis—2001*

Redaktorı Gu'ljahan Ta'jetdinova
Tex redaktorı Tursınbay O'tegenov
Xudojnigi Ismayıl Qıdırov

ИБ № 5161

Teriwge berilgen waqıtı. 17.09.2001 Basıwg'a ruxsat etilgen waqıtı 24.10.2001. Qag'az formatı 84x108 1/32, Ofset usılında basıldı. Garniturası —«Times». Ko'lemi 0,75 б/т, 1,26 sha'rtli b/t, 1,0 esap b/t. Ja'mi 1500 nusqada. Buyırtpa № 156
Bahası sha'rtnama boyınsha.

«Qaraqalpaqstan» baspası: 742000, No'kis qalası, Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9

Qaraqalpaqstan Respublikası Baspa so'z boyınsha ma'mleketlik komitetinin' No'kis poligrafkombinatı. 742000, No'kis qalası, Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9